

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data anu ngawengku instrumén panalungtikan, alur panalungtikan, sarta analisis data.

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga udagan pikeun maham fenoména anu kaalamán ku subyek panalungtikan, misalna palaku, persepsi, motivasi, tindakan, jsb, sacara holistik ku cara dideskripsiéun kana wangu kekecapan atawa basa dina hiji konteks husus anu alamiah ku cara ngamangpaatkeun métode ilmiah (Moléong, 2012, kc. 6).


Dumasar kana métode anu dipilih, udagan anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan, nyaéta pikeun ngadéskripsiéun struktur, sarta ajén éstétika tina objék panalungtikan anu mangrupa rumpaka kawih album *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga udagan sangkan nyangking gambaran luyu henteuna rumpaka-rumpaka tina album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* upama dijadikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X.

3.1 Desain Panalungtikan

Sangkan leuwih babari dina ngalaksanakeun panalungtikan, perlu ayana desain panalungtikan anu puguh éntép seureuhna. Desain panalungtikan nyaéta sakabéh prosés anu diperlukan dina nyieun rarancang jeung waktu lumangsungna panalungtikan. Ieu panalungtikanan ngaliwatan sababaraha léngkah, nyaéta (1) milih masalah, (2) ngumpulkeun data, (3) nangtukeun métode panalungtikan, (4) analisis data, (5) ngadeskripsiéun jeung interprétsasi data, jeung (6) nyieun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah panalungtikan ébréh dina bagan 3.1.

Anisa Gusnira, 2018

**UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.
ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X**



Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

Bagan 3.1 ngandung ma'na yén ieu panalungtikan téh dimimitian ku nangtukeun masalah, ngumpulkeun data ku cara wawancara kalayan instrumen datana nyaéta kartu data jeung padoman waancara. Satulunya data dianalisis struktural jeung ajén éstétikana, didéskripsikeyn datana, kalayan pamungkas nyieun kacindekan.

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data jeung sumber data panalungtikan asalna tina partisipan jeung tempat panalungtikan. Kusabab subjek utamana mangrupa data, ieu bagian dirobah jadi data jeung sumber data.

3.2.1 Data

Data mangrupa hal poko anu rék ditalungtik. Dina ieu panalungtikan, anu baris ditalungtik nyaéta rumpaka album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar. Judul kawihna di antarana sakumaha ieu di handap.

- 1) *Runtuyan Katineung*
- 2) *Mangsa Paturay*
- 3) *Nyungsi pasini*
- 4) *Nyoreang ti Pangreureuhan*
- 5) *Jempling Peuting*
- 6) *Reumis Girimis Kasedih*
- 7) *Samagaha Jero Dada*
- 8) *Galindeng Asih*
- 9) *Layung Gandrung*
- 10) *Cidra Pasini*
- 11) *Milih Dibarung ku Peurih*
- 12) *Jamparing Asih*

Anisa Gusnira, 2018

**UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.
ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X**


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

- 13) *Lalakon Hirup*
- 14) *Deudeuh jeung Geugeut*

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.172) Sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék timana asalna data. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun téhnik wawancara, jeung dokumentasi. Sabab dina néangan datana, panalungtik ngalakukeun wawancara ka réspondén, nyaéta jalma-jalma anu leuwih nyaho, anu ngarépson atawa méré jawaban kana pananya-pananya panalungtik boh lisian boh tulisan. Panalungtik ogé ngagunakeun téhnik observasi, sabab sumber datana mangrupa benda. Sumber utama tina ieu panalungtikan nyaéta téks karya sastra anu mangrupa rumpaka kawih. Sangkan leuwih jéntré ieu di handap baris dipedar idéntitas albumna.

Judul album	:	Deudeuh jeung Geugeut
Studio rekaman	:	Hidayat Record
Taun	:	1985
Pangarang rumpaka:	Eddy D. Iskandar	
Sanggian	:	Ubun Kubarsah Yus Wiradiredja
Juru Kawih	:	Yus Wiradiredja Nina K. Sopandi
Jumlah Kawih	:	14 kawih
Laras	:	Pélog & Sorog



Gambar 3.1
Album Kawih
Deudeuh jeung Geugeut

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D. ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu


3.3 Teknik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 85) téhnik ulikan pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber nu geus aya patalina jeung konsép téoritis sarta bahasan pasualan panalungtikan.

- Nangtukeun sumber data atawa objek nu rék dikaji nyaéta album kawih Deudeuh jeung Geugeut karya Eddy D. Iskandar;
- Nranskripsikeun lagu tina wangun album kana wangun tulisan;
- Nyieun kartu data dumasar judul kawih (kodeu), ajén atikan dina rumpka, pada ka-, judul lagu, cutatan pada/padalisan, sipat ajén éstética;
- Nangtukeun tiori-tiori anu ngarojong kana panalungtikan.

3.3.1 Prosedur atawa alur Panalungtikan

Prosedur/alur panalungtikan anu dilaksanakeun ti mimiti nepi ka ahir panalungtikan nyaéta:



Bagan 3. 2 Prosedur atawa alur panalungtikan

Bagan 3.3 ngandung ma'na yén prosedur atawa alur dina ieu panalugtikan dimimitian ku wawancara ngeunaan objék panalungtikan, nangtukeun objék panalungtikan, néangan tiori anu saluyu jeung panalungtikan, néangan buku sumber anu ngarojong kana panalungtikan, nranskripkeun kawih tina album kana wangun tinulis, nganalisis data, kalayan dipungkans ku nyieun kacindekan.

3.3.2 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc 193) Instrumén nyaéta alat anu ngarojong panalungtikan nalika ngagunakeun hiji métode. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta :

a. Kartu Data

Minangka instrumén kartu data gunana pikeun ngumpulkeun data anu dianalisis jeung mindahkeun data anu geus aya. Éta kartu téh digunakeun pikeun nyebut rumpaka kawih anu eusia ngawengku judul, nu nyanggi, runtusan, laras, jeung wangun rumpaka. Ieu dihadap mangrupa format kartu data:

1) Transkripsi Kawih

Anisa Gusnira, 2018

*UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.
ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Tabéł 3.1
Data Transkripsi Kawih

No	Judul Rumpaka	Nu Nyanggi	Laras	Wangun Rumpaka	Kodeu Rumpaka (1)/(2)/(3)

2) Unsur Rumpaka

Tabéł 3.2
Data Unsur Rumpaka

Kodeu	Jumlah Pada	Jumlah Padalisan	Guru wilangan

3) Struktur Rumpaka

Tabéł 3.3
Struktur Rumpaka

STRUKTUR RUMPAKA	
Kodeu Rumpaka :	
Imaji :	
Simbul/ Lambang :	
Musikalitas/ Wirahma :	
Suasana :	
Tema :	
Gaya Basa :	

4) Analisis Ajén Éstetika

- a. Kabasaan : Gaya basa jeung purwakanti

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.4
Analisis Ajén Éstética Kabasaan(Gaya Basa)

No	Purwakanti	Kode Data	Cutatan	Déskripsi
(1)	(2)	(4)	(3)	(4)

Tabél 3.5
Analisis Ajén Éstética Kabasaan (Purwakanti)

No	Gaya Basa	Kode Data	Cutatan	Déskripsi
(1)	(2)	(4)	(3)	(4)

b. Eusi

Tabél 3.6
Analisis Ajén Éstética Eusi
Ajén Estética Eusi

Kode Rumpaka :
Téma :
Nada :
Rasa :
Amanat :

b. Téhnik Wawancara

Salian ti éta ieu panalungtikan ogé ngagunakeun téhnik wawancara. Ieu dihandap mangrupa padoman wawancara anu digunakeun.

1) Padoman Wawancara Rumpaka Kawih Deudeuh jeung Geugeut

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D. ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Tabéł 3.7
Pedoman Wawancara

PEDOMAN WAWANCARA
<ol style="list-style-type: none"> 1) Kasang tukang Bapa Eddy D. Iskandar salaku panulis; 2) Kasang tukang nyiptakeun rumpaka album kawih Deudeuh jeung; Geugeut; 3) Prosés kréatif dina nyiptakeun rumpaka album kawih Deudeuh jeung Geugeut; 4) Prosés kréatif dina nyiptakeun kaunikan dina rumpaka kawih; Deudeuh jeung Geugeut (kawih kahiji nepi kaopat ngaruntuy ngawangun hiji carita ngeunaan asmara); 5) Gagasan mimiti disanggina ieu sajak kana wangun kawih.

Tabéł 3.8
Data Informan

DATA INFORMAN
No. Absensi Umur Warna Jinis Pakasaban Atikan Basa nu dipaké sapopoé Padumukan

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

3.4 Analisis Data

Sabada data kakumpul, diteruskeun kana ngolah data. Anapon téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Nranskripsi rumpaka kawih tina wangun album;
- 2) Nganalisis prinsip anu ngabédakeun antara kawih klasik jeung kawih modérn
- 3) Nganalisis struktur puisi rumpaka kawih;
- 4) Nganalisis ajén éstética anu nyangkaruk dina rumpaka kawih;
- 5) Matalikeun objék anu geus ditalungtik jeung pangajaran kawih kelas XI.

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.
ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu